


Ema pral wè zanmi li Tito demen.
Ki sa li ka ba li pou fèt li ?




Lè Tito wè plat la, li souri tou.
« Ema pote zetwal ki sot Ayiti pou mwen !
M ap sonje n ap gade menm syèl la. »

Tito ap viv byen lwen. Men lannuit,
Ema ak Tito ka gade menm zetwal yo.




Tito ouvri pake a.
Li pa konn ki sa pou li di paske li desi.





Yon sèl zile, yon sèl lalin, yon sèl solèy !
Zetwal yo klere pou nou tout.
Vwazinaj se fanmi.

# Menm zile, menm zetwal



©2022 dwa d otè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.

Lakay Tito, manman li gen yon sipriz pou yo.
Yon fèt pou anivèsè Tito !





Ema ak Tonton li travèse rivyè a.
Lè yo rive Dajabonn, tout moun yo anbrase youn lòt. Yo tout kontan !

